

## **Dosye Istwa Kriminèl nan Eta New York**

Atik 35 Lwa Egzekitif kreye Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York kòm depo santral pou enfòmasyon sou dosye istwa kriminèl.

DCJS bay rapò yo sou istwa kriminèl, oswa "kazyé jidisyè," pou reponn pou demann dosye kriminèl ak demann ki pa dosye kriminèl. Aksyon nan done istwa kriminèl depanne otorizasyon moun ki fè demann lan. Chak rapò gen enfòmasyon ki nan dosye nan DCJS, men kantite enfòmasyon n ap divilge yo depanne kimoun ki te fè demann lan, rezon pou demann lan ak sitiasyon dosye moun nan mande a.

Pa egzanp, dапre règleman Eta New York (9 NYCRR §6050.1), yon moun ka jwenn yon kopi enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl li nan DCJS. Moun nan ka resevwa swa:

- Yon kopi rapò istwa kriminèl konplè li ki gen tout enfòmasyon ki konsène moun sa a;
- Yon kopi dosye ki pa gen enfòmasyon ki te sele oswa siprime (kache) paske, pa egzanp, rezulta afè kriminèl (yo) te anfavè moun nan; oswa
- Yon repons "pa gen dosye" ki endike pa gen istwa kriminèl nan dosye ki nan ajans lan.

Egzanp yon kazyé jidisyè ki endike anba la a bay kèk eksplikasyon ak detay sou enfòmasyon li gen ladan.

Yon kazyé jidisyè kapab gen ladan done kriminèl (arestasyon, kondanasyon, elatriye) ak done sivil (travay, lisans oswa pèmi) epitou li ka gen seksyon ki endike anba la yo:

- Atansyon - Enfòmasyon Enpòtan
- Enfòmasyon sou Identifikasiyon
- Rezime Enfòmasyon yo
- Enfòmasyon sou Istwa Kriminèl nan Eta New York, tankou:
  - Enfòmasyon sou Arrestasyon/Akizasyon
  - Enfòmasyon sou Afè ki devan Tribunal
  - Enfòmasyon sou Anprizònman
  - Enfòmasyon sou Libète sou Kondisyon
  - Enfòmasyon sou Pwobasyon
  - Sètifica Soulajman
  - Lòt Enfòmasyon
- Lòt Enfòmasyon ki Gen pou Wè ak Istwa
- Enfòmasyon sou Djòb/Lisans
- Enfòmasyon yo Vle Jwenn
- Enfòmasyon sou Moun yo pa Wè

## **Atansyon - Enfòmasyon Enpòtan**

Seksyon sa a gen ladan gwo tit ki, lè yo preznan, avèti moun k ap resevwa enfòmasyon yo pou sèten enfòmasyon ki nan kazyé jidisyè a ak pou restriksyon sou divilgasyon enfòmasyon sa yo. Egzanp ki anba la a se yon egzanp kèk gwo tit ki disponib:

### **Attention - Important Information**

\* See **Additional Information** at the bottom of this response for more banners pertaining to the criminal history

Required to provide a DNA sample for inclusion in the State DNA databank. Call DCJS Office of Forensic Services at (518) 457-1901 during business hours for more information.

["DNA specimen collection guide"](#)

Currently under Sentence to NYS Department of Correctional Services. Call the Office of the Inspector General at (718)626-1710 during business hours of 7:00 AM to 7:00 PM Eastern Standard Time, Monday thru Friday. At any other time, please contact the Command Center, New York State Department of Correctional Services at (518)457-5902.

Violent Felony offense(s) on file

## **Enfòmasyon sou Identifikasyon**

Seksyon sa a bay non ak lòt enfòmasyon pèsonèl moun ki nan kazyé jidisyè a.

### **● Identification Information**

**Name:**

SAM SAMPLE	CARL PUBLIC
JOHNNIE DOE	SAMMY SAMPLE
JOHNNIE DILLINGER	MICHAEL SAMPLE
JOE ANYBODY	SAMMY E HOSTNAME

**Date of Birth:**

May 24, 1956	May 25, 1956	Jan 28, 1960
May 06, 1957	May 24, 1957	

**Place of Birth:**

New York	Massachusetts	New Jersey
----------	---------------	------------

Cycle 9

Arrest Date July 06, 2006

**Address:**

BLACK ROCK RD, KING FERRY, NY  
16 KARNER RD, COLONIE, NY  
29 BRUEN COURT, ORCHARD PARK, NY  
345 ROUTE 20, DUANESBURG, NY  
44 BEAVER ST, NEW YORK, NY 10004  
534 MAXWELL ST, DEWITT, NY  
9 STUYVESANT PLZ, ALBANY, NY  
BLACK ROCK RD, KINGS FERRY, NY

**Sex:**      **Race:**      **Ethnicity:**      **Skin Tone:**

Male/Unknown	White	Hispanic	Light
--------------	-------	----------	-------

**Eye Color:**      **Hair Color:**      **Height:**      **Weight:**

Hazel	Blonde	5' 07"	160
-------	--------	--------	-----

**SSN:**

099-99-9992 099-99-9991 099-99-9994

**NYSID#:**    **FBI#:**    **Probation Client ID#:**    **NCIC Classification:**

05870633R 9003300 1690020 CIPO1217131611121314

**III status:** Criminal record in other states or in multiple FBI files for NYS

**US Citizen:**

Non an ka gen ladan anpil non ak ti non jwèt.

**Dat Nesans** kapab gen anpil dat ladan.

**Plas Nesans** se kote moun nan te fèt.

**Adrès la** ka endike anpil adrès.

**Sèks, Ras, Etnisite ak Koulè Po** endike enfòmasyon yo rapòte pi souvan. Men, si yo rapòte anpil sèks, tout sèks yo rapòte yo ap parèt; si yo rapòte anpil ras, anpil etnisite ak anpil koulè po tou, plis pase yon antre ap parèt.

**Koulè Zye, Koulè Cheve, Wotè ak Gwosè** endike enfòmasyon yo rapòte pa twò lontan.

**SSN** (Nimewo Sekirite Sosyal) ka endike plis pase yon chif.

**Nimewo NYSID** (Nimewo Idantifikasyon Eta New York) se yon nimewo inik DCJS bay pou yon moun ki gen istwa kriminèl ak/oswa istwa sivil nan Eta New York. Yon moun ka gen plis pase yon nimewo NYSID si tout istwa anvan yo sele.

**Nimewo FBI** (Nimewo Biwo Federal Ankèt) se idantifikasyon prensipal ak nimewo dosye FBI bay pou moun nan.

**Nimewo ID Kliyan Pwobasyon** se yon nimewo idantifikasyon ki tache, si li posib, nan istwa sipèvizon pwobasyon yon moun.

**Nimewo Klasman NCIC** se nimewo klasman anprent dijital Sant Nasyonal Enfòmasyon sou Krim (National Crime Information Center).

**Pozisyon III** (Pozisyon Endèks Idantifikasyon Ant Lòt Eta yo) endike si gen enfòmasyon oswa si pa gen enfòmasyon ki disponib nan eta ki pa New York.

**Sitwayen Etazini** endike si moun nan se oswa pa yon sitwayen Etazini.

**Nòt:** Nenpòt enfòmasyon ki asosye sèlman avèk dosye ki sele p ap parèt sof si lalwa otorize divilgasyon done ki sele yo. Men, yon moun kalifye pou resevwa yon kopi dosye pa li ki gen enfòmasyon ki sele.

## **Rezime Enfòmasyon yo**

Seksyon sa a bay yon rezime istwa kriminèl moun nan. Ou kapab jwenn arestasyon lapolis te fè anvan ane 1972 nan seksyon "Lòt Enfòmasyon" kazyé jidisyè a.

<b>Summary Information</b>	
Name:	SAM SAMPLE
Total Arrests:	6
Date of Earliest Arrest:	March 10, 1998
Date of Last Arrest:	July 06, 2006
<b>Total Arrests Charges:</b>	11
Felony:	3
Violent Felony:	3
Firearm:	1
Misdemeanor:	8
Other:	0
<b>Total Convictions:</b>	2
Felony:	1
Violent Felony:	1
Firearm:	0
Misdemeanor:	1
Other:	0
<b>Total Open Charges:</b>	2
Felony Open Charges:	0
Open Misdemeanor(s):	2
Other Open Charges:	0
<b>YO Adjudication(s):</b>	1
<b>Warrant Information:</b>	
Failure to Appear Counts:	3
Open Warrants:	1
<b>Revocation Counts:</b>	
Probation:	1
Parole:	0
<b>Miscellaneous:</b>	
Escape Charges:	0
Sex Offender Convictions:	1

**Non** reprezante dènye non ki rapòte sou moun nan.

**Arestasyon/Akizasyon Total** reprezante kantite tout akizasyon ki nan arestasyon yo, tankou kondanasyon pou krim (ki gen ladan krim vyolan ak arestasyon/akizasyon pou posesyon zam-pou-tire), deli ak lòt akizasyon nan arestasyon, tankou vyolasyon, zak ak akizasyon ki gen yon kalite kategori enkoni.

**Kondanasyon Total** montre kantite tout akizasyon yo, tankou kondanasyon pou krim (ki gen ladan krim vyolan ak arestasyon/akizasyon pou posesyon zam-pou-tire), deli ak lòt akizasyon ki nan arestasyon yo, tankou kondanasyon pou vyolasyon, zak ak kondanasyon ki gen yon kalite kategori enkoni. **Nòt:** jijman jèn delenkan, si gen pèmisyon pou nou divilge yo, endike nan kolòn kondanasyon an, men yo pa yon pati nan akizasyon total kondanasyon an. Nou elimine kondanasyon an epi nou ranplase li avèk yon jijman pou jèn delenkan.

**Akizasyon Total ki Annatant** montre kantite tout akizasyon ki annatant pou krim, deli, ak lòt akizasyon ki annatant (vyolasyon, zak). Nou konsidere yon akizasyon ki nan prezantasyon akizasyon yo kòm yon akizasyon ki annatant si yon yo pa t rapòte yon dispozisyon tribunal la pou akizasyon an. Nou konsidere tout akizasyon yo nan arrestasyon an kòm akizasyon ki annatant si pa gen akizasyon nan prezantasyon akizasyon yo epitou si pa gen dispozisyon final. Si gen yon dispozisyon final, nou konsidere tout akizasyon ki nan arrestasyon an kòm akizasyon ki fèmen. **Nòt:** yo ka prezante akizasyon yo ba yon moun sou akizasyon ki diferan avèk akizasyon ki te lakòz lapolis arete li.

**Kondanasyon Delenkan Seksyèl yo** baze sou kondanasyon ki egzije pou yo anrejistre non yo kòm yon delenkan seksyèl anba Lwa Eta New York konsènan Anrejistremen Delenkan Seksyèl (New York State Sex Offender Registration Act) (Lwa sou Koreksyon, Atik 6-C).

### **Enfòmasyon ki nan Istwa Kriminèl nan Eta New York**

Seksyon sa a montre zak kriminèl yo oswa “sik” ki konsève nan dosye DCJS. Chak sik gen pou wè ak lè yo te fè anprend dijital yon moun.

#### **Enfòmasyon sou Arrestasyon/Akizasyon**

Ajans ki fè arrestasyon yo rapòte akizasyon ki nan arrestasyon yo, epitou anjeneral, akizasyon ki nan arrestasyon yo kore avèk yon transmision anprend dijital yo fè apre arrestasyon an. Akizasyon tribunal la prezante ak deside sou yo rapòte anba “Enfòmasyon sou Afè ki devan Tribunal.”

#### **Arrest/Charge Information**

**Arrest Date:** July 06, 2006 08:00 pm (20:00:00)

<b>Name:</b>	SAM SAMPLE		
<b>Date of Birth:</b>	January 28, 1960		
<b>Sex:</b>	Male		
<b>Ethnicity:</b>	Hispanic		
<b>SSN:</b>	099-99-9992		
<b>Age at time of crime/arrest:</b>	46		
<b>Address:</b>	BLACK ROCK RD, KING FERRY, NY		
<b>Fax Number</b>	73154		
<b>Place of Arrest:</b>	New York County, NY		
<b>Date of Crime:</b>	July 06, 2006		
<b>Place of Crime:</b>	New York County, NY		
<b>Criminal Justice</b>			
<b>Tracking No.:</b>	30622109J		
<b>Arresting Agency:</b>	<a href="#">NYCPD PCT 030</a>		
<b>Arresting Officer ID:</b>	874981		
<b>Arrest Number:</b>	M06999923		
<b>Arrest Charges:</b>			
--	Criminal Possession Of A Weapon- 2nd Degree		
PL 265.03	Class C	Felony Degree 2	NCIC 5212
--	Attempted Criminal Sexual Act-1st Degree: By Forceable Compulsion		
PL 130.50 Sub 01	Class C	Felony Degree 1	NCIC 1199

"Pa Gen Arrestasyon ki Rapòte" ap parèt alaplas enfòmasyon sou arrestasyon an lè ajans ki fè arrestasyon an pa t soumett arrestasyon an.

Si sikontans espesyal yo aplike pou arrestasyon sa a, ap gen lòt enfòmasyon ki anba nimewo sik la, epi anvan dat arrestasyon an, ki ka gen ladan sa ki endike anba la yo:

- **Sik la ka pa sipòte avèk anprendijital yo** - Arrestasyon sa a pa gen anprendijital sou dosye pou sipòte done yo.
- **Zak Kriminèl Vyolan** - Sik sa a gen ladan yon akizasyon ki klase kòm yon krim vyolan, jan sa defini nan Atik 70.02 Lwa Penal Eta New York. Akizasyon an ka se yon arrestasyon, prezantasyon akizasyon yo, ak dispozisyon oswa akizasyon ki nan admisyon nan enstitisyon.
- **Rapò sou Ensidan nan Kay ki Depoze** - Te gen yon Rapò sou Ensidan nan Kay yo te depoze nan moman arrestasyon an. Sa pa yon Lòd Pwoteksyon.
- **Jèn Delenkan** - Sik sa a gen yon desizyon jijman ladan pou jèn delenkan (youthful offender, YO) tribunal la te pran.
- **Delenkan Jivenil** - Akizasyon yo nan moman arrestasyon konsidere kòm akizasyon delenkan jivenil (juvenile offender, JO).
- **Delenkan Jivenil** - Akizasyon yo nan moman arrestasyon konsidere kòm akizasyon delenkan jivenil (juvenile offender, JD).

#### Enfòmasyon sou Afè ki devan Tribunal

Enfòmasyon sou tribunal la parèt dirèkteman anba enfòmasyon sou arrestasyon/akizasyon yo pou arrestasyon ki konsène a.

**Tribinal la** se non tribunal kote yo te tande afè a.

**Nimewo Dosye** sèvi pou idantifye nimewo enfòmasyon tribunal la devan tribunal siperyè yo.

-- Court: [New York County Supreme Court](#) Case Number: 2006-3452

**Initial Report Of Indictment Number** August 01, 2006

**Convicted Upon Plea Of Guilty** August 27, 2006

-- Attempted Criminal Sexual Act-1st Degree: By Forceable Compulsion  
PL 130.50 Sub 01 Class C Felony NCIC 1199

**In Full Satisfaction of:**

-- Criminal Possession Of A Weapon- 2nd Degree  
PL 265.03 Class C Felony NCIC 5212

**Sentenced to:** August 27, 2006  
Term: 1 Year(s) to 3 Year(s) Sentence Date:

Dispozisyon an se aksyon tribunal la fè ak dat aksyon an. Moun yo k ap resevwa kazyé jidisyè a dwe konnen nou toujou ap modifye done dispozisyon an. Tribunal yo rapòte dispozisyon yo ba DCJS sou fòm elektwonik. Si yo pa t rapòte yon dispozisyon ba DCJS, "Pa Gen Dispozisyon yo Rapòte" ap parèt alaplas enfòmasyon sou tribal la.

Akizasyon ki endike anwo a se prezantasyon akizasyon yo ak akizasyon ki nan dispozisyon an. Yo pa menm avèk akizasyon ki nan arrestasyon an paske yo gen pou wè ak akizasyon ki lakòz y ap jije moun nan. Akizasyon yo rejte yo akòz yon akò pou plede koupab ka endike anba la a, "Avèk Satisfaksiyon Okonplè," epi akizasyon ki redui nan yon lòt akizasyon ka endike anba la a, "Ki Redui nan."

Santans lan ak dat pwononsyasyon santans lan ap parèt nan fen an.

Si yon arrestasyon ak yon dispozisyon te lakòz yon rezulta ki anfavè akize a, kazyé jidisyè a ka sanble konsa:

**Court Case Information**

-- Court: [Guilderland Town Court](#) Case Number: 98001

**Arraigned** March 10, 1998

-- Criminal Tampering-2nd Degree  
PL 145.15 Class A Misdemeanor NCIC 2999

**Dismissed** March 10, 1998

-- Criminal Tampering-2nd Degree  
PL 145.15 Class A Misdemeanor NCIC 2999

**Sealed Upon Termination Of Criminal Action In Favor Of The Accused CPL160.50 November 16, 1998**

Nou sele rezulta favorab yo dapre Lwa Eta New York sou Pwosedi Kriminèl (Criminal Procedure Law, CPL) §§160.50, ak 160.55, epitou nou sele yo sou kondisyon dapre CPL 160.58. Sa parèt nan fen afè tribal la sele a.

Nan tout ka yo, sof pou akizasyon mariwana ki ranvwaye anvan rejè akizasyon an dapre CPL 170.56, n ap detwi kat anprent dijital ki sipòte arrestasyon an lè yon aksyon se "Sele akòz Sispansyon yon Aksyon Kriminèl Anfavè Akize a CPL 160.50". Si gen anpil afè tribal pou yon sik, tout afè yo dwe lakòz gen yon so pou nou kapab sele sik la nèt epitou pou nou kapab detwi anprent dijital yo.

Arrestasyon ak dispozisyon sele sa yo pa ta endike nan kazyé jidisyè yo, sof si lalwa otorize divilgasyon enfòmasyon yo oswa si yon moun chwazi pou jwenn yon kopi dosye istwa kriminèl pa li ki gen arrestasyon ak dispozisyon ki sele ladan.

## Enfòmasyon sou Anprizònman

Prizon lokal yo ak Depatman Koreksyon ak Sèvis Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Eta New York, ki opere prizon leta yo, rapòte admisyon nan prizon yo ba DCJS lè yo admèt yon moun pou premye nan prizon an apre li resevwa santans li. DOCCS fè rapò ba DCJS tou lè prizonye jwenn libète li nan prizon an, epitou lè li nesesè, si prizonye a retounen nan prizon an poutèt li vyole libète sou kondisyon li.

Incarceration/Supervision Information			
<b>Incarceration Admission Information</b>			
<b>Admission Date:</b>	September 01, 2006		
<b>Admission Reason:</b>	New Commitment		
<b>Agency:</b>	<a href="#">NYSDOCS Elmira Reception Center</a>		
<b>State Inmate ID No.:</b>	66B1300		
<b>Sentence to:</b>	Term: 1 Year(s) to 3 Year(s)		
<b>Max Expiration Date:</b>	September 01, 2009		
<b>Conditional Release Date:</b>	September 02, 2007		
<b>Inmate Name:</b>	SAM SAMPLE		
<b>Admission Charges:</b>	-- Attempted Criminal Sexual Act-1st Degree: By Forceable Compulsion		
PL 130.50 Sub 01	Class C	Felony Degree 1	NCIC 1199

**Dat Admisyon** se dat lè yo admèt moun yo nan prizon lokal oswa nan prizon leta.

**Rezon pou Admisyon** se rezon pou admisyon an.

**Ajans** se enstitisyon ki rapòte enfòmasyon sou premye admisyon an. **Nòt:** DOCCS pa bay rapò lè yo transfere yon prizonye ant yon prizon ak yon lòt prizon.

**Nimewo ID Prizonye Leta** se nimewo DOCCS oswa prizon lokal bay. Li souvan vle di Nimewo "DIN".

**Santans pou** vle di peryòd anprizònman an jan tribunal la deside sa nan moman pwononsyasyon santans lan.

**Dat Ekspirasyon Maksimòm** se dènye dat lè prizonye a ap fin pase tout kantite tan santans li.

**Dat Libète sou Kondisyon** se dat anvan lè yon dwe jwenn libète nan prizon an.

**Dat Liberasyon** se dat lè moun nan jwenn libète li nan prizon an.

**Rezon pou Liberasyon** se rezon pou liberasyon yon moun nan prizon an.

## Enfòmasyon sou Libète sou Kondisyon

DOCCS rapòte done yo ba DCJS sou fòm elektwonik nan anpil etap metòd sipèvizon an, tankou lè yon moun jwenn libète li nan prizon an epi yo bay moun sa a libète sou kondisyon; lè moun nan fin pase kantite tan libète sou kondisyon li epi li jwenn libète li nèt; oswa lè tribal la anile libète sou kondisyon an pou yon rezon (pa egzanp, si moun nan fè yon lòt zak).

**Nòt:** Tribunal la ka pwononse santans pou yon moun dirèkteman ba sipèvizon libète sou kondisyon an san moun nan pa nan prizon. Zòn afektasyon an ap endike kòm "Willard." Si gen yon dispozisyon ki preznan evènman an, tribunal la ap li zòn pou santans lan kòm "Santans pou Sipèvizon Libète sou Kondisyon."

Parole Release Information	
Received by Parole on:	February 15, 1987
Release Type:	Initial Release to Parole
Max Expiration Date:	June 01, 1989
Supervision Office:	Manhattan I
Parole ID Number:	86B1300
Name:	CARL PUBLIC

  

Parole Discharge Information	
Discharged from Parole on:	June 10, 1987
Discharge Type:	Discharged - Statutory Action
Parole ID Number:	86B1300

**Libète sou Kondisyon Resevwa nan dat se dat moun nan te jwenn libète li nan prizon an epi yo mete li an libète sou kondisyon.**

**Kalite Liberasyon** se rezon pou retire yon moun nan libète sou kondisyon.

**Dat Ekspirasyon Maksimòm** se dènye dat lè yon moun ap fin pase kantite tan libète sou kondisyon li.

**Biwo Sipèvizon** se zòn kote yo mete moun ki nan libète sou kondisyon an.

**Nimewo ID Libète sou Kondisyon** se menm nimewo avèk Nimewo ID Prizonye a.

**Libète nan Libète sou Kondisyon nan dat se dat moun nan pa nan libète sou kondisyon ankò.**

**Kalite Libète** se rezon ki fè moun nan pa anba sipèvizon libète sou kondisyon ankò.

## Enfòmasyon sou Pwobasyon

Depatman pwobasyon yo rapòt enfòmasyon sa yo sou fòm elektwonik jan sa endike anba la a:

Probation Information	
Name:	JOHNNIE DILLENGER
Address:	44 BEAVER ST, NEW YORK, NY 10004
Sex:	Male
Race:	White
Ethnicity:	Not Hispanic
Placed on Probation:	July 02, 2006
Max Expiration Date:	July 02, 2009
Supervision Agency:	<a href="#">Broome County Probation</a>
Jurisdiction Agency	<a href="#">Kings County Probation Adult Supervision- Reporting</a>
Probation Registration Number:	3057004
Probation Discharge Date:	August 27, 2006
Discharge Type:	Revoked - Technical Violation

**Ki sou Pwobasyon** se dat yo mete yon moun sou pwobasyon.

**Dat Ekspirasyon Maksimòm** se dènye dat lè moun nan ap fin pase kantite tan pwobasyon li.

**Ajans Sipèvizyon** se depatman pwobasyon konte kote moun nan dwe ale a.

**Ajans Jiridiksyon** se depatman pwobasyon ki gen responsabilite legal pou moun ki sou pwobasyon an. Nan kèk ka, yon lòt konte ka ap sipèvize yon moun akòz adrès moun nan, oswa lòt rezon, men jij la te konsidere jiridiksyon an nan konte kote moun nan te resevwa santans li.

**ID Ofisyè Pwobasyon** idantifye ofisyè moun nan gen rapò avèk li.

**Nimewo Anrejistreman Pwobasyon** se nimewo ki sèvi pou idantifye yon dosye sipèvizyon. Si yon moun gen anpil santans pwobasyon, ap gen yon sèl nimewo pou yo chak.

**Nimewo Dosye Pwobasyon** se nimewo ki idantifye moun ki te transfere nan New York kòm yon dosye transfè lòt eta.

**Dat Liberasyon nan Pwobasyon** se dat lè moun nan pa anba sipèvizyon pwobasyon ankò.

**Kalite Libète** se rezon ki fè moun nan pa anba sipèvizyon pwobasyon ankò.

## Sètifika Soulajman (nan Andikap Sivil)

Tribinal la oswa DOCCS ka bay yon Sètifika Soulajman nan Andikap Sivil pou yon moun lajistis te kondane pou nenpòt kantite zak ki pa enpòtan epi apeprè pou yon krim (Lwa sou Koreksyon §§ 701-703).

Objektif Sètifika Soulajman an se pou soulaje moun nan pou nenpòt konfiskasyon oswa andikap, tankou retire yon entèdiksyon nan travay li lajistis te enpoze otomatikman nan kondanasyon li pou yon sèl arestasyon, sof pou dwa yon moun pou li kenbe yon fonksyon publik oswa pou li kalifye pou youn.

Sètifika Soulajman an pa anpeche okenn enstitisyon, konsèy oswa otorite jidisyè, administratif, ki bay lisans oswa lòt enstitisyon, lòt konsèy oswa lòt otorite pou moun nan depannde kondanasyon an legalman ki detaye nan sètifika a kòm baz pou yo egzèse pouvwa diskresyonè yo pou sispann, anile, refize bay oswa refize renouve nenpòt lisans, pèmi, oswa lòt otorizasyon oswa privilèj.

Si yo bay yon Sètifika Soulajman sa pa retire kondanasyon ki anba-anba nan dosye kriminèl delenkan an epitou sa pa lakòz yo sele dosye a.

<b>Certificate of Relief</b>
<b>Agency:</b> <a href="#">New York County Supreme Court</a>
<b>Date:</b> June 10, 1987
<b>Permanency Date:</b> December 10, 1990
<b>Issue Type:</b> A
<b>Relief Description:</b> Relieves holder of all forfeitures, all disabilities and bars to employment, excluding right to retain or be eligible for public office; certificate issued at time of sentence.

Yo kapab modifye oswa anile sètifika a nenpòt lèt ant dat yo bay li a ak **Dat Pèmanans lan**. Apre **Dat Pèmanans** lan, yo pa kapab ni anile sètifika a.

## Lòt Enfòmasyon

Seksyon sa a gen ladan enfòmasyon sou arestasyon, dispozisyon, anprizònman ak sipèvizon nan Eta New York yo te anrejistre anvan 1ye fevriye 1972. Evènman sa yo ap endike nan sekyon "Rezime Enfòmasyon" kazyé jidisyè a, epitou yo pa gen tout kantite enfòmasyon detaye menm jan avèk evènman ki parèt nan sekyon "Enfòmasyon sou Istwa Kriminèl" kazyé jidisyè a.

### **Other Information**

**Date:** December 30, 1971

**Arrest or Charge Data:** NYPD TRANSIT- PL 165.15 OBTAIN  
TRANS W/O PAY

**Disposition or Correction Data:** 12/30/71 FINE 15 OR 2 DAYS

## **Lòt Enfòmasyon ki Gen pou Wè ak Istwa**

Sa gen pou wè ak enfòmasyon sou moun ki gen non li nan kazyé jidisyè a ki pa konsènan yon sèten sik. Done ki anba tit sa a ka konsène Sètifikasi Non Kondui, men pa sèlman sa.

DOCSS kay yon Sètifikasi Bon Konduit pou soulaje yon moun pou nenpòt andikap oswa pou retire entèdiksyon moun nan pou travay (Lwa Koreksyon §§703-a, 703-b). Sètifikasi a ka sèlman konsène youn oswa plis andikap oswa entèdiksyon ki endike yo, oswa li ka soulaje moun nan pou tout andikap oswa entèdiksyon. Moun nan te dwe montre yon peryòd minimòm bon konduit nan kominate a apre yon ane pou kondanasyon pou yon deli, twazan pou yon kondanasyon pou yon krim Klas C, D oswa E, epitou senkan pou kondanasyon pou yon krim Klas A oswa B.

Si nou bay yon Sètifikasi Bon Konduit sa pa retire kondanasyon ki anba-anba a. Sa pa anpeche yon fiti patwon oswa ajans ki bay lisans deside legalman refize bay travay, oswa refize bay yon lisans. Men, lè nou bay yon Sètifikasi sa kreye yon sipozisyon reyabilitasyon anrapò avèk zak la oswa zak yo li konsène pou objektif lisans lan oswa travay la.

### **● Other History Related Information**

#### **Good Conduct Information**

Name: SAM SAMPLE

Agency: [NYS Division of Parole- Albany Quality Control Unit](#)

Issue Date: October 15, 1987

Permanency Date: January 01, 2000

TO REMOVE ALL LEGAL BARS AND DISABILITIES TO EMPLOYMENT, LICENSE AND PRIVILEGE EXCEPT THOSE IMPOSED BY SECTIONS 265.01 (4) AND 400.00 OF THE PENAL LAW AND EXCEPT THE RIGHT TO HOLD PUBLIC OFFICE.

**Dat Piblikasyon** se dat lè nou te bay sètifikasi a. Nou kapab modifye oswa anile **Sètifikasi** a nenpòt lèt ant dat nou te bay li a ak **Dat Pèmanans lan**. Apre **Dat Pèmanans lan**, nou pa kapab ni modifye ni anile sètifikasi a.

## **Enfòmasyon sou Djòb/Lisans**

Seksyon sa a ki nan kazyé jidisyè a gen enfòmasyon sou moun ki konsène nan aplikasyon pou djòb la oswa nan aplikasyon pou lisans lan ki te egzije li pase nan etap verifikasyon dosye istwa kriminèl ki baze sou anprend dijital. Enfòmasyon sa yo pa gen pou wè ak aktivite kriminèl.

Enfòmasyon sou djòb oswa sou lisans ki parèt nan kazyé jidisyè a **pa** vle di moun nan te jwenn djòb la oswa yo te bay li lisans lan.

Men, nan ka yon lisans (pèmi) pou gen pistolè, kazyé jidisyè a ap gen ladan dat yo te bay pèmi pou gen pistolè a si ofisyèl lokal ki bay lisans lan te bay enfòmasyon yo pou DCJS.

## Job/License Information

### Civil Information

Type of Application: Security Guard Registrant  
Comments: THREE BLIND MICE SECURITY COMPANY  
Name: CARL PUBLIC  
Address: 29 BRUEN COURT, ORCHARD PARK, NY  
Date of Birth: May 06, 1957  
SSN: 099999991  
Agency ID: 730101  
Date of Application: February 29, 1988  
Application Agency: [NYS Department of State- Licensing Division](#)  
Application Number: 730101

## Enfòmasyon yo Vle Jwenn

Si nou jwenn istwa kriminèl la, n ap retounen dosye yon bezwen ki gen Nimewo Identifikasiyon Eta New York (NYSID#) Si nou pa retounen enfòmasyon yo, kazye jidisyè a ap gen mesaj ki endike anba la a:

## Wanted Information

There is no NYS Wanted Information associated with this history.

## Enfòmasyon sou Moun yo pa Wè

Si nou pa retounen enfòmasyon yo, kazye jidisyè a ap gen mesaj ki endike anba la a:

## Missing Person Information

There is no NYS Missing Person Information associated with this history.